

## **Kushambadza uye Kuchinja Zvinhu**

Vachadzidza nezvenyaya yekushambadza kuburikidza nekutarisa dambudziko riri kunetsa munharaunda yavo votsvaga zvinhu zviviri zvavangada kuona zvichichinjwa mune remangwana, zvakanangana nedambudziko iroro.

# Chii Chinonzi Kushambadza?

## Chikamu Chekutanga

### Udza Vadzidzi Vako

Pane zvinhu zvakawanda zvinowanikwa kwatinogara zvatinfofara. Tinogona kunge tichifara kuti tine shamwari. Zvichida tinonakidzwa nekutamba neimwe timu yezvemitambo. Kana kuti tinonakidzwa nekuva nemukana wekuteerera nziyo itsva dzevaimbi vatinofarira.

Asi dzimwe nguva pane zvimwe zvinhu zvinoitika munharaunda medu zvisingatiitiri zvakanaka. Zvichida pachikoro penyura pava kunzi mupfeke yunifomu itsva, mbatya dzinodhura dzatisingakwanisi kutenga. Kana kuti umwe wezvematomongerwo enyika akasarudzwa ari kuedza kudzika mitemo isingatibatsiri. Zvingadaro kuti zvekufambisa zvekwasinogara hazvina kugadzirwa kuti zvikwanise kutisvitsa kunzvimbo dzatinoda kuenda.

Ngatiti vemabhazi vanokumanikidzai kukwira mabhazi matatu mozofamba daro rakareba kuti musvike pamusika uri pedyo.

### Bvunza Vadzidzi Vako

Ungaitei kuti uchinje izvozvo?

Pane vamwe vanhu vaungataura navo here vanokwanisa kukubatsira?

Zvichida une shamwari dzako dzine dambudziko rakafanana nerako. Mungaitei kuti murwire kodzero dzenyu?

## Chekamu Chechipiri

### Udza Vadzidzi Vako

Kana zvadai, kazhinji tinofunga kuti zvinhu zvichava nani kana tikachinja zviru kutinetsa. Kuda kuzvimiririra pane zvaunofunga uye kuchinja zvinhu ndiko kwatiri kuti “kushambadza.”

### Mutambo Wekirasi

Pasikiriki iri mberi kwekamuri, ongororai webhusayiti inoshandiswa pakushambadza. Tsanangurai kuti kushambadzira kuripo kwakatangwa sei nevanhu, kunyanya vechiduku, avo vakaona kuti pane dambudziko rainetsa munharaunda mavo uye vaida kuita chimwe chinhu kuti zvinhu zvichinje. Mienzaniso yezvakaitika kuUnited States inosanganisira Fight for \$15 uye Women’s March. Mienzaniso inonyanya kuzivikanwa pasi rese inosanganisira Global Voices, Greenpeace, uye World

Wildlife.

### **Udza Vadzidzi Vako**

Iye zvino regai tione dambudziko rimwe chete riri munharaunda yenyu rinokutadzisa kurara tozoonamamwe matanho aungatora iwe nevamwe kuti mugadzirise dambudziko racho.

# Basa Rekuita

## Basa Rekuita

### Basa Rekuita

Kamura vadzidzi kuitwa zvikwata zvevanhu 3. Muchikamu chino, ipa chikwata chega chega nguva ingangokwana mazuva maviri okuti 1) vatsvage dambudziko riri kunetsa munharaunda yavo, votsvaga zvinhu chero zviviri hazvo zviri kukanganiswa uye nzira mbiri dzingapedza dambudziko racho, uye 2) vagadzire posita rine mashoko nezvedambudziko nemushonga wacho, vozoparura mukirasi pachidzidzo chinonzi “kufamba tichiona.”

### Udza Vadzidzi Vako

Muri muzvikwata zvenyu,

1. Itai tsvakurudzo moona zvamungada kuchinja munharaunda yenyu (“nharaunda” inogona kuva chikoro chenyu, kwamunogara, kana chikwata chauri nhengo). Unogona kutaura neshamwari dzako, vadzidzisi, vemumhuri nezvezvinhu zvaungada kuchinja kana kuti matambudziko avari kusangana nawo.
2. Gadzirai posita. Maposita anenge agadzirwa nechikwata chega chega achaturikwa kumadziro ‘tozofamba tichiona’ tiri pamwe chete, chikwata chichitaura zvavakawana uye kuti zvingagadziriswa sei.

Chikwata chinofanira kutsvaga zvinhu zviviri zviri kukanganiswa nedambudziko uye nzira mbiri dzekuzvigadzirisa.

Gadzirai posita rinoyevedza: torai mifananidzo moinamira paposita [zvinganaka kana mukavapa purinda] kuti mutaridze dambudziko/zvingaitwa kuripedza, kana kuti shandisai machati, magirafu nezvimwe kuti mutaure pfungwa dzenyu maererano nedambudziko uye mushonga waro.

Posita rega rega “ngarizvimirire,” — tiri kureva kuti posita rinofanira kuva nemashoko akakwana zvekuti munhu anogona kuona kana kuverenga onzwisisa dambudziko nemushonga waro pasina kutsanangurirwa neimwe nhengo yechikwata.

### Basa Rekuita

Ipai zvikwata nguva yakakwana yekuita tsvakurudzo uye yekugadzira maposita avo. Iva pedyo kuitira kana vachida kubvunza mibvunzo kana kuti vachida rumwe rubatsiro. Pamunozoungana mose zvekare, vadzidzi ngavaturike maposita kumadziro, mose mofamba kwemaminiti 20 muchiona maposita evamwe, mozopa

chikwata chega chega maminiti 30 okuratidza posita ravo kuboka rose.